




KISA KI FE YON KAY BYEN SOLID






KI PI BON KOTE POU BATI KAY?

Chwa teren nou pral bati sou li a




KI PI BON KOTE POU BATI KAY?

Danje dlo ka pote




KISA KI FE YON KAY BYEN SOLID


Bon tèt kay



Kò kay la
byen bite



Bon jan fondasyon
pou tout bwa ki nan kay la pa chita nan dlo,
pou yo ka rete byen sèch.



Bon kas



Kò byen
solid

Bon bòt pou
pwoteksyon

BON JAN FONDASYON KI SOLID



NON


Le nou mete poto-a nan tè lap pou ri byen vit epi pou dbwa ap manje !



Pou fè yon bon fondasyon fok li antere pou piti 50cm e pou laje li 35cm




BON JAN FONDASYON KI SOLID




Chache wòch ki plat pou fè yon pant ki pèmèt dlo lapli koule deyò

met gwò woch plat kouche an travè nan tout laje mi fondasyon-an




BON JAN FONDASYON KI SOLID

Kwaze gwo wòch plat nan kwen fondasyon yo



Mete gwo wòch plat ki rele kle chak 1.20m



Fe jwen yo avek yon motye ki prepare avek siman lacho epi sab, ou byen yon motye ki gen yon ti siman se sa kap pwotejel kont dlo lapli


KIJAN POU NOU TACHE BWA YO NAN FONDASYON-YO

Kay la chita sou fondasyon-an ak sol la. Pou kay la pa sekwe twop le gen goudougoudou ou byen siklon, nou ka itilize bout fè pou byen mare osati bwa nan fondasyon-an.

Fè beton (1/4" ou plis), longè 1m50 anviwon.
Pwoteje fè a avek minyòm.

Fè a li gen omwen 30 cm (1') ki pliye anba nan direksyon fondasyon. Li pase anba yon gwò wòch.

Prann prekosyon lè w poze wòch yo kote gen fè pou pa gen jwen file.



Depi lis bas plase, pliye fè a tout otou de li (ou ka itilize yon tib metalik).

Mete plizyè klou 4" ki pliye pou kenbe fè a sou lis bas la.





OSATI PRENSIPAL AN BWA

Se lè nou itilize bon kalite bwa, lè nou respekte kote nap mete pote yo ki pa two lwen youn de lot, ki ka fè kay nou-an solid.




Nou pa mete pote pi lwen ke 90cm pou ke masonn nan pa detache nan mi-an le goudougoudou.



OSATI PRENSIPAL AN BWA

Se nan fason nap mare bwa yo ansanm ki ka fè kay nou-an solid.

Asanblaj bwa yo nan mitan ✓



Asanblaj bwa yo nan mitan nan kwen kay la ✓

Bwa 4x4 konsa ap kapab sèvi ranfo pou twati ak mi kay la e pou fè galata




WI ✓



Asanblaj mal e femèl se yon bon mwayen pou nou mare bwa yo ansanm e li pa two chè.

WI ✓

KONTREVANTMAN POU KAY LA PA KANBRAL



KONTREVANTMAN POU KAY LA PA KANBRAL



TWATI AK 4 PANT PI SOLID



Twati ki gen 2 ou byen 3 pant bon tou men yo plis ka bay pwoblem le siklòn epi tranblemann tè.

Twati galri

Twati galri ak 4 pant pi solid lé gen siklòn ak goudougoudou


Dantèl

Plo pou poto galri pa chita nan dlo


KONTREVANTMAN POU KAY LA PA KANBRAL

ATANSYON:

Mi piyon yo gen plis chans pou yo tonbe le gen tranbleman tè.
Se pou sa li pi bon pou nou ranfose yo ou byen fè yo an bwa nèt.



CHAPANT KAY LA DWE FÈT AVEK FÈM KI BYEN CHITA SOU POTO YO



Egwi an bwa 4x4 nan fèm nan li pote ranfò bay planche-a epi li pèmèt nou konstwi twati-a pi fasil.

Sipò pou plafon

Bwa 4x4 konsa ki nan fèm nan ap kapab sèvi ranfo pou twati ak mi kay la e pou fè galata

TÈT KAY LA AK BON JAN KONEKSYON




Lè nou mete yon egwi an bwa 4x4 nan fèm nan li pote ranfò bay planche-a epi li pèmèt nou konstwi twati-a pi fasil.

Distans ant chak lat:
80 cm maksimòm




KENBE TWATI-A POU-L PA VOLE LE GEN GWO VAN SIKLÒN




TÈT KAY LA AK BON JAN KONEKSYON



Mete yon klou chak 2 kanal.
Toujou mete li sou do kanal la



Fey tol kouvri lòt
sou omwen 20 cm
jiske 40 cm



Distans ant chak lat :
80 cm maksimòm

